दिन—रवि दिनांक—08.10.2023

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

वायु सेना आइ अपन एकानवेम वर्षगांठ उत्तरप्रदेश मे प्रयागराज मे मनौलक अछि। एहि अवसर पर बमरौली वायु सेना केन्द्र मे शानदार परेडक आयोजन कयल गेल। वायु सेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल वी.आर. चौधरी परेडक सलामी लेलनि। एहि अवसर पर थल सेना प्रमुख जनरल अनिल चौहान आ मध्य हवाई कमानक जनरल ऑफिसर इन कमांड एयर मार्शल आर.जी.के. कपूर सेहो उपस्थित छलाह। वायु सेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल वी.आर. चौधरी एक परेड मे वायुसेनाक नव ध्वजक अनावरण कयलनि। एहि लेल वायु सेनाक पुरान ध्वज के उतारिकऽ सम्मानपूर्वक वायुसेना प्रमुख के सौंपल गेल। आब एहि ध्वज के वायु सेना संग्रहालय मे प्रदर्शित कयल जायत। वायुसेना प्रमुख चारि इकाई के प्रशस्ति पत्र सेहो सौंपलनि। एहि मे सोलह स्क्वाड्रन, एक सय बियालीस हेलीकॉप्टर यूनिट, नओ सय एक सिग्नल यूनिट आ तीन बेस रिपेयर डिपो सम्मिलित अछि। एहि अवसर पर वायुसेना प्रमुख कहलनि जे वायुसेनाक शक्ति शांति आ युद्धकाल दुनू मे उपयोगी होइत अछि। एहि लेल हमरा सभ के नव तकनीक के अपनबैत रहबाक होयत ताकि हम सभ उभरैत चुनौतीक मोकाबिला कऽ सकी। एयर चीफ मार्शल श्री चौधरी जनौलनि जे एहि वर्षक वायुसेना दिवसक विषय अछि—भारतीय वायुसेना—वैश्विक हवाईशक्ति। एहि वर्ष वायुसेना मित्र देश सभक संग आठ अभ्यास मे भाग लेलक। ओ कहलनि जे वायुसेना मे पुरूष आ महिला अग्निवीर सभक पहिल बैच के सम्मिलित कयल गेल अछि। एहि वर्ष वायुसेना दिवस पर परेडक नेतृत्व पहिल बेर महिला अधिकारी ग्रुप कैप्टन शालिजा धामी कयलनि। पहिल बेर महिला सैन्यकर्मीक टूकड़ी परेड मे सम्मिलित भेल जाहि मे अग्निवीर वायु महिला सभ सेहो सम्मिलित रहलीह। स्काई पैराजंपर्स शानदार स्टंट सँ दर्शक के मंत्रमुग्ध कऽ देलनि अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू वायुसेनाक स्थापना दिवस पर वायु सैनिक आ हुनक परिवार सभ के शुभकामना देलनि अछि। ओ कहलनि जे वायु सेना नव ऊंचाई के दिस अग्रसर अछि। ओ जनौलनि जे देश के एहि बात पर गर्व अछि जे हमरा सभ लऽग एतेक मजगूत आ साहसिक सैन्यशक्ति अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन संदेश मे कहलनि जे सेनाक एहि इकाई के वीरता आ समर्पण पर पूरा देश के गर्व अछि।

---

केन्द्रीय खेलमंत्री अनुराग सिंह ठाकुर एशियाई खेल मे भारतीय टीम के एखन धरिक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शनक सराहना कयलनि। श्री ठाकुर कहलनि जे एहि बेरक खेल सभ मे भारतीय खेलाड़ी कतेको विश्व रिकॉर्ड तोड़लनि अछि। ई ऐतिहासिक घटना अछि। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे सरकार खेलाड़ी सभक सुविधा कैँ ध्यान रखलनि। खेलाड़ी लोकनिक मजगूत संकल्पक कारणे भारत सय सँ बेसी पदक जीतबाक कीर्तिमान बनौलक अछि।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह कांग्रेस पर पिछड़ा वर्गक विरोध करबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ बेगूसराय मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री सिंह कहलनि जे कांग्रेस ओबीसी के लेल कखनहुं आरक्षणक बात नहि सोचलक। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे ओबीसी समुदाय के सदति आगां बढ़ाओल गेल अछि। श्री सिंह कहलनि जे जन–धन योजना सँ लऽकऽ सभ सरकारी कार्यक्रम मे ओबीसी के ध्यान राखल गेल अछि।

———————————————————————

सम्पूर्ण क्रांति आंदोलनक प्रणेता लोक नायक जयप्रकाश नारायण के पुण्यतिथिक अवसर पर हुनका भावासिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। पटनाक जे.पी. गोलंबर लऽग राज्यकीय समारोहक आयोजन कयल अछि जतऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जे.पी. के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर राजभवन मे आयोजित समारोह मे पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। ओतहि कदमकुआं स्थित जयप्रकाश नारायण के आवास पर चरखा समिति मे सर्वधर्म सभाक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान नदी आ पोखरि सभ मे डूबबा सँ बाईस लोक सभक मृत्यु भऽ गेल अछि। राज्यक नओ जिला मे जीतियाक स्नानक दरमियान बेसी लोकक मृत्यु भेल। मृतक मे अधिकांश बच्चा सभ छथि। सभ सँ बेसी पांच लोकनिक मृत्यु भोजपुर मे जखनकि जहानाबाद मे चारि लोकक मृत्यु भऽ गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार पटना मे तीन रोहतास मे तीन, दरभंगा मे दू, मधेपुरा, औरंगाबाद आ कैमूर जिला मे एक–एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि दुर्घटना पर असीम दुःख जतौलनि अछि आ मृतकक निकटतम आश्रित के चारि–चारि लाख टाकाक सहायता राशि देल जयबाक घोषणा कयलक अछि।

———————————————————————

गोपालगंज जिलाक कटैया मे एक शराब तस्करक मृत्युक बाद उपद्रवी सभ जमिकऽ हंगामा कयलक आ थाना मे तोड़फोड़ कयलक। बाद मे पैघ संख्या मे पुलिस बल तैनात होऐबाक बाद स्थिति सामान्य भेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।